दिन—रवि दिनांक—28.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक दरमियान तेसर आ चारिम चरणक लेल चुनाव प्रचार जोर पर अछि। दुनू गठबंधन एनडीए आ महागठबंधनक नेता अपन—अपन उम्मीदवारक पक्ष मे चुनावी सभा आ रोड—शो कऽ रहलाह अछि आ जनसंपर्क अभियान चला रहलाह अछि। राजद के वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आई सुपौल आ सहरसा मे महागठबंधनक प्रत्याशी सभक समर्थन मे चुनाव प्रचार कयलनि। सहरसा मे एक जनसभा के संबोधित करैत श्री यादव कहलनि जे एनडीए सरकार सहरसा क्षेत्रक विकासक लेल कोनो काज नहि कयलक अछि। ओ आरोप लगौलनि जे भाजपाक नेता जोड़—तोड़ मे लागल रहैत छथि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह महाराजगंज सहित कतेको क्षेत्र मे जनसंपर्क अभियान चलौलनि। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुखमंत्री विजय कुमार सिन्हा मुंगेर लोकसभा क्षेत्र अंतर्गत लखीसरायक हलसी मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे जनसंपर्क अभियान चलौलनि। श्री सिन्हा आरोप लगौलनि जे महागठबंधन लऽग चुनावी मुद्दा नहि अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विकास कार्यक सीमा एतेक पैघ अछि जे एहि मे समाजक सभ वर्गक ध्यान राखल गेल अछि।

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे लोकसभा चुनावक पहिल आ दोसर चरण मे महागठबंधनक प्रत्याशी सभ के जमानत बचाएब सेहो कठिन होयत। एम्हर, केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह काल्हि झंझारपुर संसदीय क्षेत्रक लौकहा आ बेगूसराय संसदीय क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशीक पक्ष मे जनसभा करताह। ओतहि, जनता दल यूनाईटेडक प्रमुख सह मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो काल्हि विभिन्न संसदीय क्षेत्र मे कतेको जनसभा के संबोधित करताह। श्री कुमार काल्हि अररियाक रानीगंज, झंझारपुरक लौकहा, मधेपुराक आलमनगर आ खगड़ियाक बेलदौर मे चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। मुख्यमंत्री एकर अतिरिक्त शिवहर लोकसभा क्षेत्र मे जदयूक प्रत्याशी समर्थन मे ढ़ाका मे एक जनसभा कँ सम्बोधित करताह।

---

राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच. आर. श्रीनिवास कहलनि जे भोटक बहिष्कार करएवला क्षेत्र सभ मे दोबारा मतदान नहि कराओल जायत। राज्यक पुलिस नोडल पदाधिकारीक उपस्थिति मे वीडियो कॉन्फ्रेसिंग के माध्यमे लोकसभा निर्वाचन दू हजार चौबीसक शेष चरण मे होबएवला चुनाव के लऽकऽ समीक्षा बैसक भेल। बैसक मे मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी जनौलनि जे दोसर चरण मे एगारह मतदान केन्द्र पर लोक सभ अपन कतेको मांग के लऽकऽ भोटक बहिष्कार कयलनि अछि। श्रीनिवास कहलनि जे दोसर चरण मे एखन धरि सत्रह मतदान केन्द्र पर भोट नहि खसाओल गेल अछि। ओ कहलनि जे सभ जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी सभ के मतदानक प्रतिशत बढेबाक लेल अतिरिक्त प्रयास करबाक निर्देश देल गेल अछि। श्रीनिवास जनौलनि जे मतदाता सभ कँ मतदान केन्द्र पर अनबाक लेल चुनाव आयोगक निर्देशक अनुसार व्यवस्था करबाक लेल कहल गेल अछि।

———————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम चरणक लेल दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर संसदीय क्षेत्र मे नाम वापसीक काल्हि अंतिम दिन अछि। एहि संसदीय क्षेत्र सभ मे चौरासी उम्मीदवार अपन नामांकन पत्र दाखिल कयने छलाह। जाहि मे छप्पन उम्मीदवार के नामांकन पत्र वैध पाओल गेल जखनकि अट्ठाईस उम्मीदवारक नामांकन पत्र कँ रद्द कऽ देल गेल। एहि चरणक मतदान तेरह मई कँ होयत।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता सह पूर्व केन्द्रीय राज्य मंत्री डॉक्टर शकील अहमद कहलनि जे ओ मधुबनी लोकसभा क्षेत्र सँ राजद प्रत्याशी अली अशरफ फातमीक समर्थन करैत छथि। ओ आइ मधुबनी मे संवाददाता सभ सँ कहलनि जे चुनाव मे पार्टीक सभ कार्यकर्ता श्री फातमीक समर्थन करताह। एम्हर, बेतिया मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत राज्यक मंत्री नीतीश मिश्रा दावा कयलनि जे पश्चिम चंपारण लोकसभा क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी डॉक्टर संजय जायसवाल जीत प्राप्त करताह।

———————————————————————

गोपालगंज जिला मे भीषण सड़क दुर्घटना मे आइ तीन पुलिस कर्मी के मृत्यु भऽ गेल। ई दुर्घटना आइ भोर सिधवलिया थाना क्षेत्रक बरहिमा मोड़ लऽग राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या सत्ताईस पर ओहि समय भेल। जखन लोकसभा चुनाव ड्यूटी करए जा रहलाह पुलिस जवान सँ भरल तीन बस मे एक कन्टेनर वाहन टक्कर मारि देलक। गोपालगंजक पुलिस अधीक्षक

स्वर्ण प्रभात जनौलनि जे दुर्घटना मे बारह पुलिस जवान घायल भेलाह अछि। ई सभ चुनाव ड्यूटीक लेल सुपौल जा रहल छलाह।

————————————————————————————

प्रदेश मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप जारी अछि। औरंगाबाद, शेखपुरा, खगड़िया, नवादा, बांका आ भागलपुर जिला के किछु स्थान पर लू ऐहेन स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग पटना, मुजफ्फरपुर आ शेखपुरा मे भीषण लू ऐहेन स्थिति के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। विभाग जनौलक जे दू मई धरि भीषण गर्मी सँ राहतक आसार नहि अछि।

————————————————————————————

बेगूसराय जिलाक एक निचली अदालत दोहरा हत्याकांड मे दोषी करार चारि लोक कँ उम्रकैदक सजाए सुनौलक।

————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।